

Kisa sa ye?

Se Fire Department of New York (FDNY) ki bay Certificate of Fitness, COF (Sètifika Aptitud) pou plizyè kalite metye danjere. Nou bay tès pou aplikan endividyèl pou asire yo konnen kijan pou yo sèvi, konsève, ak jere materyèl ki danjere nan espas travay la.

Nou ede aplikan tankou oumenm kote nou bay materyèl pou etidye ak lòt konsèy pou garanti yon konfòm ak an sekirite.

Selon New York City Fire Code (Kòd Dife Vil New York), yon COF nesèsè pou:


Fabrike, konsève, trete, itilize, antreteni, teste, transpòte, kondwi oswa opere kèk materyèl, operasyon, oswa etablisman. COF la kapab pou sipèvizyon jeneral oswa sipèvizyon pèsònèl materyèl, operasyon, oswa etablisman an.

Pifò COF yo valab pou 3 zan. Ou ka li plis enfòmasyon sou COF nan **Seksyon FC 113 Kòd Dife a**.

- **Pou wè yon lis COF ak Kondisyon pou Jwenn ak Renouvle yo, ale sou www.nyc.gov/fdny**

Kat

Katye Jeneral Fire Department Antre Flatbush Avenue



Nou entèdi moun antre nan bilding nan ak zam, zouti, oswa vesò.



FIRE DEPARTMENT - CITY OF NEW YORK
9 METROTECH CENTER - BROOKLYN, NEW YORK 11201



FDNY

www.nyc.gov/fdny

Biznis

Jwenn yon Certificate of Fitness, COF (Sètifika Aptitud) nan men Fire Department

Gid

Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn li?

Pou pifò Certificates of Fitness* w ap bezwen yon lèt nan men patwon ou ki di ki kalite travay danjere w ap fè. Lèt sa a dwe gen dat la ak siyati patwon ou sou li.

Ranpli yon aplikasyon, vini ak yon pyès idantite gouvènman te ba ou ak peman ou. **

Pran epi pase yon egzamen sou òdinatè nan katye jeneral nou nan Brooklyn. (Ou pa bezwen yon randevou pou pran yon tès lendi jiska vandredi ant 8 a.m. ak 2:30 p.m.). Egzamen yo sèlman ann angle.

Y ap ba ou rezilta tès ou yo touswit apre egzamen ou a, ansanm ak kat COF ou.

* Si ou pa gen yon lèt rekòmandasyon, ou pral resevwa yon lèt tanporè FDNY ki di ou te pase egzamen ou a.

** Fòm aplikasyon COF yo disponib sou entènèt la. N ap aksepte yon lisans chofè, paspò oswa yon IDNYC. Pifò egzamen koute \$25 epi ou ka peye pou yo ak lajan kach, chèk pèsònèl, chè postal, kat debi oswa kat kredi (y ap ajoute yon frè sèvis 2.49% pou kat kredi). Ou ka pran sèlman 2 egzamen pa jou.

*** Biwo nou fèmen nan jou konje yo. Si ou pa ka vini lè ou pa bezwen randevou yo, rele **718-999-1988** pou pran yon randevou.



Egzanp Kat Certificate of Fitness, COF la.

Kesyon Moun Konn Poze Souvan

Kijan mwen fè konnen si mwen bezwen yon COF? Rele 311 oswa mande patwon ou. Yon enspektè oswa ponpye ka di w ou bezwen youn pou kalite travay w ap fè a.

Sa pou mwen fè si mwen bezwen yon COF avan mwen jwenn travay la? Pran epi pase egzamen an epi FDNY pral ba ou yon lèt pou w montre kote yo pral ba ou travay la.

Kijan mwen sipoze prepare pou egzamen an? FDNY ofri materyèl pou etidye gratis sou sitwèb li a.

Pou konbyen tan mwen sipoze etidye pou egzamen an? Sa depann selon nivo eksperyans ou, pase ou, edikasyon ou ak kalite travay w ap fè a.

Èske FDNY ofri klas preparasyon? Non. Epi nou pa apwouve okenn klas preparasyon endepandan.

Èske se avèk papye ak kreyon yo fè egzamen yo? Non. Egzamen yo fèt sou òdinatè epi yo itilize teknoloji taktil.

Si mwen pa alèz ak lang angle a, èske m ap ka pote yon diksyonè? Wi. Diksyonè sou papye se sèl resous moun ka itilize pou pran tès la. Nou pa gen dwa itilize okenn papye ki soti lòt kote, liv oswa aparèy elektwonik pandan egzamen an.

Konbyen kesyon ki nan egzamen an epi konbyen tan l ap pran? Pifò egzamen yo gen 20 a 25 kesyon. Konte omwen 2 zèdtan pou tout bagay nèt.

Konbyen li koute pou pran yon egzamen? Pifò koute \$25. Pou wè yon lis konplè frè egzamen yo, ale sou sitwèb FDNY la.